



UTILIZE KAT EWIC OU A NEW JERSEY



Kat eWIC lan se yon mwayen ki sèten e ki pratik pou w itilize avantaj WIC ou yo.

Yon kat eWIC pral itilize tankou yon kat debi pou w reklame avantaj alimantè Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants and Children (WIC, Pwogram Nitrisyon Siplemanè Espesyal pou Fanm, Tibebe, ak Timoun). W ap seleksyone yon PIN ki gen 4 chif pou w itilize kat ou a. Mache ak kat ou a nan tout randevou WIC ou yo.

Kisa yon PIN ye?

- Yon PIN se yon Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl. PIN ou an se yon nimewo 4 chif ke w chwazi. Sa pèmèt ou fè acha manje WIC otorize yo nan makèt la san w pa bezwen siyen.
- Chwazi yon nimewo ki fasil pou w sonje e ki difisil pou lòt moun devine.
- **Gen 3 fason ou ka seleksyone oswa reynisyalize PIN ou an:**
 - Pandan w nan biwo WIC lan.
 - Anliy sou <https://www.mybnft.com> (w ap bezwen enskri epi chwazi yon Idantifikasyon Itilizatè ak modpas premye fwa ou konekte).
 - Nan telefòn lè w rele Nimewo Sèvis Kliyantèl la (1-833-715-0794) ki ekri nan do kat ou a.

Kisa k ap rive si m antre move PIN lan nan magazen an?

Si ou mal antre PIN ou an 4 fwa, kat ou a ap bloke jiska nan demen **OSWA** ou ka rele Nimewo Sèvis Kliyantèl la pou yo reynisyalize PIN ou an epi jwenn aksè ak avantaj ou yo tousuit.



Kijan pou m jwenn avantaj WIC yo kounye a?

Nan randevou w lan, y ap ajoute avantaj ou yo sou kont eWIC ou a.

Avantaj alimantè pou tout patisipan WIC aktif ki nan yon menm fanmi ap enkli nan **yon sèl kont pou fwayer a**. W ap resevwa yon lis avantaj mansyèl total pou fanmi w lan nan randevou w la.

Konbyen tan mwen genyen pou mwen itilize avantaj alimantè mwen yo?



Avantaj alimantè WIC yo valab pou yon mwa avantaj antye e y ap ekspire nan Dat Limit pou Itilize yo a pou fwayer a.

Bon Nouvèl! W ap ka fè acha kantite fwa w vle pandan mwa avantaj la. Achte tout sa w bezwen, nan nenpòt ki moman, pandan tout dire peryòd avantaj ou a.

Kijan m ap fè pou m konnen balans avantaj WIC mwen an ak dat ekspirasyon an?

Gen 4 mwayen pou w jwenn enfòmasyon sa a:

- 1 New Jersey Aplikasyon WICShopper.
- 2 Rele Nimewo Sèvis Kliyantèl la ki nan do kat ou a.
- 3 Mande kesye ki nan magazen ou an.
- 4 Verifye dènye resi ou a.

STORE NAME		ADDRESS	
STORE ID:	WICW006	CLERK ID:	WIC006001
TERM ID:	999	DATE & TIME:	7/1/2016 10:10AM
CLERK ID:	999	SEQ NUMBER:	034
DATE & TIME:	7/1/2016 10:10AM	CARD:	*****0007
SEQ NUMBER:	034	AUTH CODE:	123499
CARD:	*****0007		
AUTH CODE:	123499		
WIC PURCHASES			
KANTITE	INITE	DESKRIPSYON	PRI
18.00	oz	Sereyal 18 oz.	4.99
2.50	\$\$\$	Fwi ak Legim	2.50
TOTAL ITEMS SOLD = 2			
\$2.50 - Fruits and Veggies			
SOUTOTAL ACHA YO		7.49	
APLIKASYON RABÈ		0.00	
TOTAL ACHA KI APWOUVE		7.49	
BALANCE DUE - 0.00			
BENEFITS EXPIRE ON 7-28-16			
KANTITE	INITE	DESKRIPSYON	PRI
1.00	pake	Pake Fwomaj 16oz	
1.00	douzèn	Douzèn Gwo Ze	
18.00	oz	Ons Sereyal	
2.00	pake	18oz Manba/Pwa Sèch	
CARD HOLDER COPY			
PLEASE SAVE THIS RECEIPT			


ACHTE MANJE WIC OU YO

Anvan w achte:

- Konnen balans avantaj alimantè WIC ou.

Nan magazen an:

- Itilize Food & Program Guide (Gid Alimantè ak Pwogram) WIC New Jersey a ak/ oswa Aplikasyon WICShopper a pou w asire w ke WIC apwouve atik yo.
- Eskane yon atik avèk Aplikasyon WICShopper a. L ap fè w konnen si WIC apwouve manje a epi si li enkli nan balans avantaj ou a.



E si kat eWIC mwen an pèdi, yo vòlè l oswa li andomaje?

Avantaj alimantè WIC ou yo toujou an sekrite sou kont eWIC ou an. Ou pa ka itilize kat la san PIN ou.

Kontakte biwo WIC ou a pou w resevwa yon nouvo kat pandan lè nòmal travay yo.

Anile kat ou a lè:

Ou rele Nimewo Sèvis Kliyantèl la nan
1-833-715-0794.

OSWA

Vizite <https://www.mybnft.com>.

Lè pou w peye:

Etap sa yo ka varye de yon magazen a yon lòt.

- 1 Chwazi yon kès ki aksepte WIC.
- 2 Di kesye a ke w ap itilize yon kat eWIC.
- 3 Gen kèk magazen ki ka mande w pou w separe atik WIC yo ak lòt sa w achte yo.
- 4 Pase kat eWIC ou a epi antre PIN 4 chif ou a.
- 5 Itilize yon lòt fòm peman pou atik ki pa atik WIC tankou Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP (Pwogram Asistans Nitrisyonèl Senplifye), yon kat kado, kach oswa yon kat debi.
- 6 Konsève resi magazen an pou balans ki rete w la.



Kisa Aplikasyon WICShopper a ye e kijan pou mwen itilize l?

WICShopper se yon aplikasyon ou ka telechaje sou Telefòn Entèlijan Android oswa iOS ou k ap rann acha WIC ou yo pi fasil!

- 1 Telechaje Aplikasyon gratis WICShopper a sou telefòn ou.
- 2 Seleksyone New Jersey kòm founisè WIC ou.
- 3 Antre nimewo kat eWIC ou a.
- 4 Eksplòre epi pwofite divès fonksyonalite Aplikasyon WICShopper a ofri.

Ki fonksyonalite Aplikasyon an genyen?

- Balans Avantaj
- Eskanè pou Bakòd pou Verifye Manje WIC yo
- Notifikasyon WIC yo
- Lis Manje WIC
- Lokalizasyon Magazen WIC yo
- Lokalizasyon Biwo WIC yo
- Resèt




Rezilta posib yon eskanè Aplikasyon WICShopper ka bay:

WIC Apwouve



Pa Elijib pou Okenn Avantaj



Se pa yon Atik WIC



Kijan Aplikasyon an rann eksperyans acha eWIC mwen an pi fasil?

- Konsilte balans aktyèl avantaj fanmi ou.
- Kapasite pou eskane bakòd yon pwodui pou w wè si li se yon pwodui WIC apwouve e ki enkl nan balans avantaj la.
- Aksè pratik a WIC Food & Program Guide New Jersey a.
- Sinyale yon pwodui ki dapre ou ta dwe yon pwodui WIC apwouve pou yo ka evalye l lè w klike sou "I couldn't buy this" ("Mwen pa t ka achte sa a").